

Administratè Règleman  
PO Box 3170  
Portland, OR 97208-3170

Règleman Masztal v Minisipalite vil Miami  
Règleman Masztal v Adorno & Yoss, LLP  
FÒMILÈ DEMAND RANBOUSMAN

**ENFÒMASYON ENPÒTAN**

TENB LAN DWE DATE ANVAN 21 OKTÒB 2008

Li Avi ou jwenn lan ak Enstwiksyon ki anba a  
Avan ou Ranpli Fòmilè Demand Ranbousman an

Ou dwe ranpli fòmilè sa a okonplè, avèk Pati IV tou. Si ou pa fè sa, ou p ap genyen dwa pou jwenn pòsyon pa ou nan Fon Komen an.

Si ou genyen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Administratè Règleman an depi ou rele li gratis nan nimewo 1-800-981-7567. Ou kapab ale tou nan sit wèb [www.MiamiFireFeeSettlement.com](http://www.MiamiFireFeeSettlement.com) pou jwenn kesyon moun poze souvan ak repons pou kesyon yo epitou pou jwenn aksè nan dokiman enpòtan ki asosye avèkM Règleman yo.

**ENSTWIKSYON**

1. Fòmilè Demand Ranbousman sa a deziyen pou Manm Gwoup la, sètadi tout moun oswa enstitisyon (avèk tou siksesè legal ki kalifye jan sa defini nan paragaf 1.18 Akò Règleman yo) ki te posede pwopriyete nan vil Miami, Florid, avèk tou ansyen ak aktyèl anplwaye, ajan, reprezantan, ofisyèl, ofisye ak manm fanmi pwòch, ki reprezante kapasite endividyèl yo kòm kontribiyab, ki te peye Evalyasyon Ponpye/Sekou ak/oswa Evalyasyon Ponpye Minisipalite vil la te resevwa depi ane fiskal 1997-1998 jiska ak nan ane fiskal 2006-2007. Minisipalite Miami eskli nan Gwoup la. Tout moun ki kalifye kòm Manm Gwoup la kapab patisipe depi yo soumèt yon Fòmilè Demand Ranbousman yo ranpli.
2. Jan sa endike nan Avi Règleman ki akonpaye dokiman sa a, ou genyen dwa pou jwenn yon ranbousman yon pòsyon kantite lajan Règleman ki te peye pandan plizyè ane lè ou te posede pwopriyete a nan vil la. Kantite lajan ranbousman an ap depannde kantite reklamasyon ki soumèt, kantite total ki reklame a ak Fon Komen an. Nan okenn ka, kantite lajan ranbousman ou p ap depase kantite aktyèl ou te peye a pou Evalyasyon an. **Si pou pa konteste kantite lajan evalyasyon ki peye a (al gade Pati III paj ki annapre a), pòsyon Fon Komen ou ap baze sou kantite total lajan ki nan Pati III a. Si reklamasyon ou valid, w ap resevwa yon chèck k ap genyen deskripsyon detaye sou fason yo te kalkile kantite lajan an.**
3. Administratè Règleman an nan sèl diskresyon li kapab mande dokiman pou verifiye reyèlman ou posede oswa ou te posede pwopriyete a *EPI* ou te resevwa bòdwo ak peye pou Evalyasyon Ponpye/Sekou ak/oswa Evalyasyon Ponpye pou nenpòt oswa tout ane ki reklame a. Yo kapab revize dokiman sa yo; answit, si ou pa reponn, sa vle di ou anile dwa ou pou resevwa pòsyon Fon Komen pou ane ki konsène a (yo). Si ou pa soumèt yon Fòmilè Demand Ranbousman, sa ap anile dwa ou tou pou resevwa pòsyon pa ou nan Fon Komen an.
4. **YON DEMAND APA POU FÒMILÈ RANBOUSMAN OBLIGATWA POU CHAK PWOPRIYETE OU POSEDE OSWA OU TE POSEDE NAN VIL MIAMI PANDAN PERYÒD GWOUPE LA.** Ou ta dwe soumèt yon Fòmilè Demand Ranbousman sèlman si ou te posede pwopriyete nan vil Miami nenpòt kilè ant 1ye avril 1998 ak 31 oktòb 2007, epi si ou te peye frè ponpye.
5. Lè ou soumèt Fòmilè Demand Ranbousman sa a, sa pa garanti w ap resevwa yon pòsyon nan resèt Fon Komen an. Distribisyon nan Fon Komen an ap gouvène dapre Akò Règleman yo ak apwobasyon Tribinal la.
6. Si ou se yon Manm Gwoup la, ou genyen obligasyon pou respekte dispozisyon nenpòt Jijman Tribinal la deside menm si ou pa soumèt yon Fòmilè Demand Ranbousman.

**PATI I. ENFÒMASON SOU MANM GWOUPE LA**

Tanpri bay enfòmasyon yo mande yo anba a.

Non Pwopriyete a		Lòt Non Pwopriyete a	
Adrès <u>Postal</u> Pwopriyete a, si li diferan ak sa ki endike anwo a (ajoute Vil, Eta, Kòd Postal, ak Peyi ak Pwovens Etranje, si genyen)			
_____ - _____ - _____ Nimewo Sekirite Sosyal	OSWA	_____ - _____ - _____ Nimewo Taks Idantifikasyon Kontribiyab	
_____ - _____ - _____ Lòt Nimewo Sekirite Sosyal Pwopriyete a	OSWA	_____ - _____ - _____ Lòt Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Pwopriyete a	
( _____ ) _____ - _____ Nimewo Telefòn Lajounen (avèk tou kòd rejyonal la)		( _____ ) _____ - _____ Nimewo Telefòn Aswè (avèk tou kòd rejyonal la)	

**KONTINYE PA LÒTBÒ PAJ LA**

Tenb ki sou anvlop fòmilè reklamasyon an dwe date anvan 21 oktòb 2008 pou yo konsidere li soumèt alè.  
Voye li bay : Masztal v. City of Miami Settlement Administrator, PO Box 3170, Portland, OR 97208-3170

**PATI II. ENFOMASYON SOU PWOPRIYETE A Tanpri bay TOUT enfòmasyon yo mande ou anba a.**

<b>Sitiyasyon Pwopriyete a:</b> CHWAZI YOUN	<input type="checkbox"/> Mwen posede pwopriyete a kounye a. <input type="checkbox"/> Mwen pa posede pwopriyete a ankò.	Adrès pwopriyete a
<b>Kalite Pwopriyete a:</b> CHWAZI YOUN	<input type="checkbox"/> Pwopriyete Endividyèl/ Pwopriyete an komen Asosyasyon <input type="checkbox"/> Twòs <input type="checkbox"/> Pwopriyete <input type="checkbox"/> Kòporasyon <input type="checkbox"/> Asosyasyon <input type="checkbox"/> Posede Piblikman _____ <input type="checkbox"/> Lòt _____ <small style="display: block; text-align: center;">Kòd Agrè Piblik <span style="float: right;">Deskripsyon</span></small>	
<b>Dat Pwopriyete a:</b> ____/____/____ <small>Dat ou te Achte Pwopriyete a(MWA / JOU / ANE)</small>	<b>AK</b>	____/____/____ <small>Dat Ou Te Vann Pwopriyete a (MWA / JOU/ ANE), kite espas sa a vid si ou toujou posede pwopriyete a</small>

**PATI III. ENFOMASYON SOU PWOPRIYETE A AK EVALYASYON KI PEYE YO Tanpri revize ak korije enfòmasyon ki anba yo si sa nesèsè.**

<b>Deskripsyon Legal Pwopriyete a</b>	<b>Nimewo Pasèl Pwopriyete a</b>								
<b>Tout ane lè ou te posede oswa lè ou posede pwopriyete a dapre enfòmasyon ou jwenn nan Minisipalite Miami pou ane ki endike yo:</b>	<input type="checkbox"/> 1998 <input type="checkbox"/> 1999 <input type="checkbox"/> 2000 <input type="checkbox"/> 2001 <input type="checkbox"/> 2002 <input type="checkbox"/> 2003 <input type="checkbox"/> 2004 <input type="checkbox"/> 2005 <input type="checkbox"/> 2006 <input type="checkbox"/> 2007								
<b>Kantite lajan ki adwat la se kantite lajan total ou te peye pou Evalyasyon Ponpye/Sekou ak/oswa Evalyasyon Ponpye, dapre enfòmasyon nou jwenn nan Minisipalite Miami pou ane ki endike anba a. Anba a se kantite lajan espesifik evalyasyon ki peye pou chak nan ane ki endike yo.</b> Si ou pa konteste kantite lajan ki adwat la, ou senpleman bezwen siyen fòmilè sa a epi retounen li pou jwenn pòsyon pa ou nan Fon Komen an, ki kapab anba lòt restriksyon ak kondisyon ki endike nan <b>Enstwiksyon yo</b> .									
<b>KANTITE TOTAL LAJAN</b>									
1998	1999	2000	2001	2002	2003	2004	2005	2006	2007

Si ou kwè **NENPÒT NAN ENFOMASYON ANWO** a ki nan Pati III pa kòrèk, tanpri tcheke kaz agòch la ki endike ou konteste kantite lajan an. Answit, tache yon fèy papye apa; endike akèl kantite lajan ou kwè ki pa kòrèk la, ki kantite lajan li ta dwe ye ak rezon pou kantite ki revize a. Ou kapab tache dokiman sipò ki pwouve kantite lajan ou reklame a, men ou pa genyen obligasyon pou fè sa kounye a. **Si li nesèsè pou bay dokiman adisyonèl, n ap kontakte ou pa lapòs avèk yon demand pou enfòmasyon yo.**

**PATI IV. SÈTIFIKASYON Tanpri revize Kominike a, tcheke kaz apwopriye a epi siyen non ou anba a.**

1. Mwen (Nou) rekonèt Defandè yo ban mwen (nou) satisfaksyon nèt ak okonplè, epi nou fè regleman avèk Defandan yo, nou degaje yo ak dechaje yo, avèk prejdis, nan Reklamasyon ki Regle yo.
2. Mwen (Nou) jistifye ak reprezante mwen (nou) pa asiyen, transfere oswa vann enterè mwen (nou) nan pwopriyete anwo ki diferan ak san ki defini anwo a.
3. Mwen (Nou) jistifye ak reprezante mwen (nou) *te peye* evalyasyon an okonplè pou chak nan ane ki reklame yo.

Mwen (Nou) dakò anba sanksyon pou fo temwayaj dapre lwa Etazini d Amerik pou deklarasyon ki fèt yo ak repons ki bay yo nan Fòmilè Demand Ranbousman sa a ak Komimike sa a vrè ak kòrèk epi pou dokiman yo soumèt yo, si genyen, se dokiman ki vrè ak sensè.

Mwen (Nou) sètifye mwen (nou) pa kapab sipòte dediksyon anba dispozisyon Seksyon 3406(a)(1)(C) Kòd Internal Revenue.

REMAK: Si ou resevwa notifikasyon Internal Revenue Service ki fè konnen ou kapab sipòte dediksyon, tanpri retire langaj ki endike ou pa kapab sipòte dediksyon nan sètifikasyon ki anwo a.

Internal Revenue Service pa oblije jwenn konsantman ou pou nenpòt dispozisyon ki diferan ak sètifikasyon ki obligatwa pou evite sipòte dediksyon an.

---

Siyati \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_      Siyati Pwopriyete Komen \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_